# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोण्डा जिला के कलेक्ट्रेट सभागार में बइठकी कइ के देवीपाटन मंण्डल के विकास कार्यन अउर काननू व्यवस्था क समीक्षा कइलें। मुख्यमंत्री अधिकारियन के निर्देस दिहलें कि सज्जो विकास परियोजना के समय पर अउर गुणवत्ता के साथे पूरा करावल जाए। बइठकी के बाद मुख्यमंत्री गोण्डा जिला में बनि रहल मेडिकल कॉलेजो क निरीक्षण कइले। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने अजोध्या अउर अम्बेडकरनगर के दौरा पर रहिहें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखपुर प्रवास के दौरान आजु लगतारे दूसरका दिन्ने गोरखनाथ मंदिर में जनता दर्शन कार्यक्रम में लोगिन क समस्या सुनले अउर ओकरे निपटारा बदे अधिकारियन के निर्देसित कइले। जनता दर्शन में करीब चार सौ लोगि मुख्यमंत्री से भेंट कई के ओन्हें आपन समस्या बतवलें। येह दौरान मुख्यमंत्री अधिकारियन के निरदेस देत कहले कि जनता के हर समस्या क समाधान कइल सरकार क प्राथमिकता हवे। येह नाते सबके समस्या क समाधान जल्दी से जल्दी कइल जाए। येहमें कवनहूं तरह क लापरवाही नाही होखे के चाही। मुख्यमंत्री जमीन कब्जा कइले क सिकायतिन के गंभीरता से लेत कड़ेर कानूनी कार्रवाही कइले क निरदेस दिहले।

**********

आज़ु पवित्र सावन महीन्ना क तीसरका सोम्मार हवे। सावन में सोम्मार के दिन्ने भगवान भोलनाथ क दरसन पूजन अउर जल चढ़वले क विसेस महत्व हउवे। आजु भोरवे से सज्जो प्रमुख सिव मंदिरन पर सरधालुअन क लमहर लाइन लागल रहे। गोरखपुर में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो प्राचीन मानसरोवर मंदिर में रूद्राभिषेक कई के प्रदेशवासियन के सुख समृद्धि क कामना कइले। द्वादश ज्योर्तिलिंग में शामिल बनारस के काशी विश्वनाथ मंदिर में जलाभिषेक अउर दर्शन पूजन करे खातिर देस के अउरियों कई गो राज्यन से सरधालु पहुंचलें । एइजा तिजहरिया तीन बजे ले दुई लाख से जियादे सरधालु बाबा विश्वनाथ के दरसन पूजन कई चुकल रहले। वाराणसी जिले क मार्कण्डेय महादेव मंदिरो में जलाभिषेक बदे भोरवे से सिव भक्तन क लाईन लागल बाटे। अजोध्या, बस्ती, संतकबीरनगर, गोरखपुर, देउरिया के सथहीं प्रदेश के सज्जों जिलन के प्रमुख सिव मंदिरन में अबहिनो जलाभिषेक क सिलसिला जारी बाटे। येह बिच्चे प्रदेस में कांवड़ यात्रों जारी बाटे। गोरखपुर में पिपराइच के मोटेश्वर महादेव मंदिर में जल चढावे खातिर ढेरि संख्या में कांवड़िये पहुंचल हउवे।

**********

पर्यटन मंत्री जयवीर सिंह आजु मथुरा में उत्तर प्रदेस ब्रजतीर्थ विकास परिषद के पदाधिकारियन अउर प्रशासन के अधिकारियन के साथे आवे वाले श्रीकृष्ण जन्माष्टमी के तैयारियन क समीक्षा कइले। येह दौरान पर्यटन मंत्री कहलें के मथुरा के श्रीकृष्ण जन्माष्टमी में शामिल होखे बदे दुनिया के कई गो देसन से श्रद्धालु आवे ले येह नाते येह कर तइयरियों विश्वस्तरीय होखे के चाही। उहां के अधिकारियन के निरदेस दिहली कि समय से श्रद्धालुअन के सुरक्षा अउर सुविधा खातिर सज्जों जरूरी इतिजाम पूरा कइ लीहल जाए।

**********

सेना भर्ती कार्यालय वाराणसी की ओरि से अग्निवीर भर्ती के दुसरका दिन्ने आजु बारह जिलन खातिर ट्रेडसमैन अउर चंदौली जिला बदे जनरल ड्यूटी वाले अभ्यर्थियन क दौड़ पूरा भइल। कुल ग्यारह सौ चौसठ अभ्यर्थी दौड़ में शामिल भइलें। जवने में से तीन सौ तेरह के उत्तीर्ण घोषित कइल गइल । बिहने जनरल ड्यूटी बदे मऊ, सोनभद्र अउर वाराणसी जिला के अभ्यर्थियन क दौड़ होई।

**********

प्रदेस सरकार सौर ऊर्जा के बढ़ावा देवे बदे नौ हजार एकड़ क्षेत्रफल में झांसी ललितपुर अउर चित्रकूट में सोलर पार्क बनायी। एइजा कुल मिला के दुई हजार मेगावाट क सोलर प्लांट लगावल जाई। सोलर प्लांट लगावे खातिर प्रदेस सरकार की ओरि से ललितपुर, झांसी अउर चित्रकूट में बत्तीस गांवन क जमीन लीज पर लिहले क प्रक्रिया जारी बाटे।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के मंशा के मोताबिक हर घर के सौर ऊर्जा से उंजियार करे खातिर प्रदेश सरकार सूर्य घर योजना के तहत नौजवानन के सूर्य मित्र के रूप में प्रशिक्षित कइ रहलि हवे। प्रदेश में तीस हजार नौजवानन के सूर्य मित्र के रूप में प्रशिक्षित करे के बाटे जवने में से तीनि हजार नौजवानन के यूपी नेडा की ओरि से प्रशिक्षित कइल जा चुकल हवे।

**********

प्रदेस के पूर्वी हिस्सन में आजु कई गो जिलन में हल्लुक से लेके मध्यम बरखा भइले के बादों उमस भरल गरमी पड़त हउवे। आंचलिक मौसम विज्ञान केन्द्र अनुमान जतवले हवे कि आजु राति अउर बिहने पूर्वी उत्तर प्रदेस के कुछु हिस्सन में अउर बुंदेलखण्ड क्षेत्र में मध्यम से तेज बरखा हो सके ला। ओहर वाराणसी में गंगा नदी क जलस्तर चालीस मिलीमीटर प्रतिघंटा के रफ्तार से बढ़ि रहल हवे। एके देखत गंगा नदी के घाटन पर अगिला आदेस ले नाई चलवले पर रोकि लगा दिहल गइल हउवे।

**********